NOUVO FASON POU W ACHTE
Zouti ACCESS LEAD pou fè Acha pou Bezwen Pwogram Ou an

Acha fasil. Sa fèt pou pwogram ou an menm

Depatman Edikasyon ak Swen/Gadri pou Timoun Piti (EEC), an patenarya ak Divizyon Sèvis Operasyonèl Commonwealth la (OSD), ap lanse yon pwogram acha pilòt pou patisipan nan sibvansyon Gadri pou Timoun nan Commonwealth la (C3). Inisyativ sa a fèt pou pwofite pouvwa acha leta a pou diminye depans fonksyònman founisè edikasyon timoun piti yo, nan ofri founiti a pri ki pi ba.

POUKISA LEAD AK OSD?

Pwogram ou a bezwen plis pase yon senp panye acha. Atravè zouti anliy Pòtay LEAD ou a, ou ka jwenn aksè ak founisè OFF51 yo ki ofri pri kontra OSD te negosye, pwodwi ki verifye, kòmand sou entènèt ki pratik, ak sipò pou acha pou founiti ak materyèl pwogram ou a bezwen.

Fè acha pou materyèl enstriksyonèl ak aprantisaj nan salklas, founiti pou atizana, pwodwi pou rekreyasyon ak sansoryèl, pwojè atistik pou timoun, ak founiti apwopriye pou pwogram terapi—tout sa yo sipòte pa valè kontra OSD OFF51 la ki kouvri tout eta a.

OFF51 bay plis pase yon pri konpetitif pou yon sèl atik. Li ofri yon modèl acha ki fèt pou bezwen kontinyèl pwogram k ap sèvi timoun ak fanmi Massachusetts yo, li konbine yon sistèm kòmand fasil sou entènèt ak sipò vandè alavans, pandan w ap achte, ak apre acha w la.

Nou rele sa valè total sèvis yo bay: founiti ou bezwen yo, sipò pou acha ou merite a.

VALÈ A ENKLI NAN TOUT ACHA A

✓ **Aksè Fasil Atravè PÒTAL LEAD OU A** — Acha sou entènèt ki pratik ak avantaj yon kontra OSD pou tout eta a ansanm ak founisè/vandè ki pare pou ede w!

✓ **Pri Kontra OSD OFF51 Negosye an Konpetisyon selon Jan Mache a Ye a**

✓ **Pwodwi ki byen verifye.** Pase mwens tan ap navige pami plizyè milye pwodwi ak vandè ekstèn k ap chèche kliyan, epi pase plis tan ap sipòte timoun ak fanmi yo.

✓ **Livrezon gratis**

✓ **Sipò Sèvis ki Santre sou Kliyan —** Jwenn èd pou bezwen acha ki repete ak sa k ap chanje pandan tout ane a

PA KONPARE PRI SÈLMAN. KONPARE VALÈ TOTAL LA.

Pri Negosye + Pwodwi + Livrezon + Sèvis + Fyabilite + Sipò Kontinyèl = Valè Total

CHIMEN W KÒM YON MOUN K AP ACHTE | Kòmanse nan LEAD -> Aksede rezo acha a -> Siyen atestasyon an -> Klike sou Gade -> Fè acha ak vand a

OU PRÈ POU W ACHTE? SWIV 5 ETAP SA YO

1

Konekte sou Pòtal LEAD ou a


Kòmanse nan LEAD lè ou prè pou w achte.



2

Aksede rezo founisè Commonwealth la pou pwokirasyon


Chwazi lyen an nan LEAD pou antre nan rezo vandè Commonwealth la.



3

Revize epi siyen Atestasyon pou Aksè a Pri Kontra Eta a


Konplete atestasyon ki nesesè a pou w jwenn aksè ak pri Kontra Eta a ak vandè ki ap patisipe yo.



4

Chwazi founisè OFF51 ou a epi klike sou "View"

Anba Detay, klike sou Gade (View) pou vandè ki chwazi a pou jwenn enfòmasyon kontak vandè a ak lòt detay enpòtan sou acha. Chwazi opsyon sitwèb la lè li disponib.



5

Ale sou sit founisè a epi kòmanse achte

Chèche pwodwi pwogram ou a bezwen yo, konpare valè total la, epi kontakte vandè a lè ou bezwen asistans pou pwodwi oswa pou acha.

KÒMANSE AK LEAD. AKSEDE FOURNISÈ YO. KLIKE SOU WÈ. FÈ MAKETÈ AVÈK KONFIDANS.

VANDÈ OFF51 OU YO PRÈ POU EDE OU

Kit w ap plase yon kòmand sou entènèt oswa w bezwen èd pou jwenn bon pwodwi a, vandè OFF51 ou chwazi a ka ede w ak bezwen acha w yo.

Nan non OSD, mèsi pou travay enpòtan n ap fè chak jou pou sipòte timoun ak fanmi Massachusetts yo.